# Быйылғы сынақлы жылдың қахарманларына сыйлықлар тапсырылды

Сыйлықланғанлар жоқары итибаар ушын мәмлекетимиз басшысына миннетдаршылық билдирди.

Президент Шавкат Мирзиёевтиң бир қатар пәрманларына муўапық, ғәрезсизлигимиздиң 29 жыллығы қарсаңында бир топар ўатанласларымыз ҳүрметли атақлар, орден ҳәм медаллар менен сыйлықланған еди.

Бүгин 28-декабрь күни Көксарайда сыйлықларды тапсырыў мәресими болды.

Image not found or type unknown

Мәмлекетимиз  басшысы сыйлықланғанларды қутлықлап, оларға өзиниң жоқары ҳүрметин билдирди.

-Биз кейинги жылларда жақсы дәстүрди жолға қойып, ўатанласларымызға сыйлықларды байрам күнинде тапсырып киятырған едик. Бирақта. Быйылғы пандемия шараятында адамларымыздың денсаўлығын сақлаў ушын усы қайырлы илажды бираз кейинге қойыўға туўра келди. Жақсылықтың кеши жоқ, деген. Несип еткен екен, мине бүгин сизлер менен Жаңа жыл байрамы қарсаңында жүзе-жүз көрисип, дийдарласып турмыз, - деди Шавкат Мирзиёев.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown